**दिन–शनिवार** **दिनांक–09.05.2026**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

———————————————————————————————————

भारतीय जनता पार्टीक नेता शुभेंदु अधिकारी आइ कोलकाताक ब्रिगेड परेड ग्राउंड मे आयोजित एक समारोह मे पश्चिम बंगाल मे भाजपाक पहिल मुख्यमंत्रीक रूप मे शपथ लेलनि। मुख्यमंत्रीक संग पाँच टा मंत्री सेहो शपथ लेलनि। राज्यपाल आर.एन. रवि मंत्री सभ के पद आ गोपनियताक शपथ दिऔलनि। एहि मौका पर प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी, गृह मंत्री अमित शाह, रक्षा मंत्री राजनाथ सिंहक संग–संग कतेको केंद्रीय मंत्री आ बिहारक मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी सहित भाजपा शासित राज्यक मुख्यमंत्री सभ छलाह।

—————————————————————————

नगर विकास मंत्री नीतीश मिश्रा कहलनि अछि जे शहर मे नागरिक सुविधा के बढिया करब हुनकर प्राथमिकता होयत। पदभार ग्रहण कएलाक बाद पत्रकार सभ सँ गपशप मे ओ कहलनि जे भविष्य के देखैत शहरक विस्तार पर ध्यान केंद्रित कएल जाएत। जल संसाधन मंत्री संतोष कुमार सुमन आइ पदभार ग्रहण कऽ लेलनि। संवाददाता सभ सँ गपशप मे ओ कहलनि जे हुनकर प्राथमिकता हरेक खेत धरि पानि पहुँचायब अछि।

—————————————————————————

राजस्व आ भूमि सुधार मंत्री दिलीप जायसवाल कहलनि अछि जे विभागक चुनौती के अवसर मे बदलल जाएत। ओ कहलनि जे अधिकारी सभक लोकक प्रति जवाबदेही तय कएल जाएत। पटना मे संवाददाता सभ सँ गपशप मे ओ कहलनि जे जे किओ गलति करताह, हुनका सभ पर कानूनी कार्रवाई कएल जाएत।

—————————————————————————

पटना उच्च न्यायालय सहित प्रदेशक सभ अदालत मे आइ राष्ट्रीय लोक अदालतक आयोजन कएल गेल। लोक अदालत मे आपसी समझौताक आधार पर कतेको प्रकारक

दीवानी आ किछु प्रकारक आपराधिक मामिलाक निपटारा कयल गेल। पटना उच्च न्यायालयक मुख्य न्यायाधीश संगम कुमार साहू आइ पटना व्यवहार न्यायालय परिसर मे आयोजित लोक अदालतक उद्घाटन कएलनि। लोक अदालत मे बैंक ऋण, बिजली वाद, वाहन दुर्घटना बीमा आ श्रमवाद जेहेन मामिला आपसी सहमति सँ निपटाओल गेल। एहि बेर लोक अदालत मे ट्रैफिक चालान सँ जुड़ल मामिलाक सेहो सुनुवाई भेल। नब्बे दिन सँ बेसी पुरान ट्रैफिक चालानक मामिला लेल फराक—फराक पीठ बनाओल गेल छल।

———————————————————————————

शिक्षक नियुक्तिक चतुर्थ चरणक परीक्षाक विज्ञापन शीघ्रहि प्रकाशित कएल जाय, एहि मांग के लऽकऽ कल्हि पटना मे भेल विरोध प्रदर्शनक मामिला मे पाँच हजार छात्र सभ पर प्राथमिकी दर्ज कएल गेल अछि। गांधी मैदान थानाध्यक्ष अखिलेश मिश्र जनौलनि जे एहि मामिला मे चारि लोक के गिरफ्तार कएल गेल अछि। अभ्यर्थी सभ पर ट्रैफिक बाधित करब, विधि व्यवस्था भंग करब आ पुलिसकर्मी सभक संग बदसलूकी करबाक आरोप अछि।

निधि／हृदयकांत —09.05.2026 पीटीसी

---

भागलपुर जिलाक सुल्तानगंज नगर परिषद कार्यालय मे पिछला दिन गोलीबारी मे घायल सभापति राजकुमार गुड्डुक आइ पटना मे निधन भऽ गेलनि। हुनक पटनाक एकटा निजी अस्पताल मे इलाज चलि रहल छल। ध्यातव्य अछि जे अपराधी सभक गोलीबारी मे कार्यपालक पदाधिकारी कृष्ण भूषण कुमारक सेहो मृत्यु भऽ गेल रहनि।

---

कृतज्ञ राष्ट्र आइ वीर शिरोमणि महाराणा प्रतापक जयंती पर हुनका श्रद्धापूर्वक याद कयलक। राजधानी पटना मे आयोजित राजकीय समारोह मे मंत्री लेसी सिंह आ रामकृपाल यादव सहित कतेको गणमान्य लोक सभ महाराणा प्रतापक प्रतिमा पर श्रद्धांजलि अर्पित कएलनि। एहि मौका पर पूरा प्रदेश मे कतेको कार्यक्रम आयोजित कएल गेल। विधानसभा अध्यक्ष प्रेम कुमार महाराणा प्रताप के श्रद्धांजलि दैत हुनकर व्यक्तित्व आ कृतित्व के याद कएलनि।

---

पश्चिमी विक्षोभक असरि सँ प्रदेश मे पछिला एक सप्ताह सँ बरखा भऽ रहल अछि। मौसम विभाग सँ भेटल जनतबक अनुसार पछिला चौबीस घंटाक बिच समस्तीपुर मे सभ सँ बेसी एकावन दशमलव छओ मिलीमीटर बरखा भेल अछि। पटना मे एक सय पैंतीस किलोमीटर प्रति घंटाक गति सँ तेज हवाक संग बरखा भेल। मौसम पूर्वानुमान मे कहल गेल अछि जे आइ राज्यक बेसी क्षेत्र मे तेज हवाक संग बरखा भऽ सकैत अछि। औरंगाबाद, अरवल, भोजपुर, बक्सर, गोपालगंज, रोहतास, सारण आ सीवान जिला मे तेज हवाक संग झमाझम बारखा आ ठनका खसबाक चेतावनी जारी कएल गेल अछि। एहि के लऽकऽ रेड अलर्ट जारी कएल गेल अछि।

---

पूर्वी चंपारण जिलाक ढाका प्रखंडक बड़हरवा फतेह मोहम्मद गाम मे एकटा दुकान मे आगि लगि गेला सँ दू टा बच्चा सहित तीन लोकक झरकि कऽ मृत्यु भऽ गेल। घटना मे दू लोक घायल सेहो छथि।

——————————————————————————————————————

सुपौल जिलाक एसएसबीक सीमा चौकी निओर स्थानीय पुलिसक मददि सँ भारत नेपाल अंतर्राष्ट्रीय सीमा क्षेत्र सँ दू महिला के नेपाली शराब आओर एक लाख आठ हजार भारतीय टाकाक संग गिरफ्तार कयलक अछि।

——————————————————————————————————————

कटिहार रेलवे स्टेशन पर खीरा के हरियर रंग मे डुबा कऽ बेचबाक वायरल भेल वीडियोक मामिला मे रेलवे सुरक्षा बल महिला विक्रेता सहित नओ महिला हॉकर के गिरफ्तार कएलक अछि।

——————————————————————————————————————

समाप्त भेल